



Foto a se yon modèl ki sèvi pou rezon ilustratif sèlman.

## Sipò Timoun Fè Yon Diferans

- ✓ Bay sèvis pou toude paran yo
- ✓ Avoka pa obligatwa
- ✓ Kenbe yon dosye sou tout peman sipò timoun
- ✓ Jere lòd ki soti nan lòt eta ak peyi yo
- ✓ Disponib pou paran ki gen dekrè divòs
- ✓ Pa limite pa imigrasyon oswa revni
- ✓ Opsyon pou rete an sekirite pandan w ap chèche sipò pou timoun

### Avantaj Sipò Timoun

Paran legal



Peman sipò pou timoun



Relasyon paran-pitit



Asirans sante



Entèmedyè san patipri



*Ak Lyen Paran Etabli*

Fon pansyon



Alokasyon militè



### Sèvis Sipò Timoun Ofri



Lokalize paran ki pa gen lagad timoun yo



Sitasyon pou konparèt



Etabli lyen parante legal



Rekòmandasyon tès jenetik



Rekòmandasyon pou tribinal oswa antant ki defini pou etabli epi modifye òdonans sipò timoun yo.



Kolekte epi distribye òdonans pou sipò timoun yo



Egzekite òdonans pou sipò timoun yo



Jesyon dèt sou sipò timoun & Rekòmandasyon pou sèvis medyasyon



Rekòmandasyon sèvis k ap ede paran yo jwenn travay

Aprann plis jodi a nan [nyc.gov/hra/ocss](https://nyc.gov/hra/ocss) oswa voye yon imèl ba nou nan

[dcse.cseweb@dfa.state.ny.us](mailto:dcse.cseweb@dfa.state.ny.us).

# 3 Fason Senp Pou Jwenn Sèvis Sipò Pou Timoun

## Opsyon 1: Pi fasil | Aplike sou entènèt



Etap 1: Ranpli a [Enskripsyon sou Entènèt nan Eta New York](#) fòm.

- konekte ak kont sipò timoun, si ou deja genyen youn, oubyen kreye youn pou kòmanse.

Etap 2: Yon reprezantan Sipò pou Timoun pral kontakte w konsènan pwochen etap yo.



## Opsyon 2: Telechaje yon fòm enskripsyon pou sipò timoun oubyen mande youn



Etap 1: Ale sou [nyc.gov/hra/ocss](http://nyc.gov/hra/ocss) epi ale nan seksyon sou fason pou aplike pou sèvis yo. Telechaje fòm enskripsyon an.

Ou kapab tou mande yon fòm enskripsyon lè w rele 888-208-4485, voye yon imèl [dcse.cseweb@dfa.state.ny.us](mailto:dcse.cseweb@dfa.state.ny.us), oubyen vizite youn nan biwo nou yo (<http://bit.ly/CSoffices>).

Etap 2: Yon fwa ou ranpli l, voye li ale pa imèl bay [dcse.cseweb@dfa.state.ny.us](mailto:dcse.cseweb@dfa.state.ny.us). Ou kapab depoze l tou nan nenpòt nan biwo nou yo oubyen voye l pa lapòs nan adrès sa a: OCSS, PO Box 830, Canal Street Station, New York, NY 10013



## Opsyon 3: Soumèt yon petyosyon pou sipò timoun dirèkteman nan Tribinal Fanmi an



Etap 1: Telechaje epi ranpli yon petyosyon tribinal nan <https://bit.ly/3mGSfzC>.

Etap 2: Depoze petyosyon an nan Tribinal Fanmi nan Borough ou a.

Pandan odyans tribinal la, ou ka mande pou peman pansyon alimentè pou timoun yo fèt atravè Biwo Sèvis Pansyon Alimentè pou Timoun (Office of Child Support Services, OCSS), ke yo rele tou Inite Koleksyon Pansyon Alimentè (Support Collection Unit, SCU).

